# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में रामलला प्राण प्रतिष्ठा क पहिला सालगिरह आजु धूमधाम से मनावल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देसवासियन के सुभकामना देत एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि ई मंदिर कई सदी क त्याग, तपस्या अउर संघर्स के बाद बनल हौ। येह बिच्चे अजोध्या में आजु से तीनि दिन क प्रतिस्ठा द्वादसी उत्सव सुरू हो गइल। येह मौका पर श्रीराम मंदिर के पचास कुंतल से बेसी फूल से सजावल गइल हौ। रामलला क पंचामृत आ सरजू नदी के जल से अभिषेक कइ के छप्पन तरह के पकवान क परसादी चढ़वले के साथे महाआरतियो कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने तीन दिवसीय प्रतिष्ठा द्वादशी उत्सव का शुभारंभ किया। प्रतिष्ठा द्वादशी उत्सव के दौरान तीनों दिन 6 लाख श्री राम बीज मंत्र का जाप कर 21 वैदिक आचार्य माहौल को धार्मिकता से सराबोर करेंगे, साथ ही रोज शाम 6 बजे से 9 बजे तक भगवान रामलला का बधाई गान होगा। इसके अलावा अंगद टीले पर रोजाना राम कथा प्रवचन और सांस्कृतिक कार्यक्रम होंगे जिनमें आम लोग शामिल हो सकेंगे। प्रथम वर्षगांठ के कार्यक्रम को देखते हुए तीनों दिन दर्शन के लिए किसी भी तरह के पास नहीं बनाए जाएंगे, साथ अधिक से अधिक लोग रामलला के दर्शन कर सकें इसके लिए दूरदर्शन पर लाइव प्रसारण किया जा रहा है। ओम अवस्थी आकाशवाणी समाचार लखनऊ***

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ श्रीराम मंदिर के पूजा के सथहीं हनुमानगढ़ी में दरसन–पूजन कइलें। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि श्रीरामलला क अभिषेक तय समय पर श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र न्यास क अध्यक्ष महंत नृत्यगोपाल दास आ अउरियो प्रमुख संत अउर ट्रस्ट के सदस्यन क मौजूदगी में भइल। येह कार्यक्रम में हिस्सा लेवे बदे पहुंचि के मुख्यमंत्री लोगिन के सम्बोधित कइलें।

***स्वाभाविक रूप से पांच सौ वर्षों का इतिहास और इंतजार जिनकी दूरदर्शिता से सम्पन्न होकर के आज इस गौरव की अनुभूति हम सबको हर रामभक्त को करा रही है ऐसे देश के यशस्वी प्रधानमंत्री श्री नरेंद्र मोदी जी के प्रति सबसे पहले कृतज्ञता अर्पित करते हुए हम सब हृदय से आभार व्यक्त करते हैं।***

प्रदेस क अउरियो जिला में कई गो आयोजन कइल जा रहल हौ। बनारस में नमामि गंगे, काशी क प्राचीन विष्णु तीर्थ, आदि केशव क आरती उतारि के समृद्धसाली भारत क आसीरबाद मंगलें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि नई दिल्ली में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से मोलाकात कइलें। सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पे मुलाकाति क फोटो सांझा करते श्री योगी कहलीं कि प्रधानमंत्री के मार्गदर्शन अउर प्रेरणा से महाकुंभ दुइ हजार पचीस अपने दिब्य, भब्य अउर डिजिटल रूप से नया भारत क दरसन करा रहल हौ।

**********

तेरह जनौरी से सुरू हो रहल महाकुंभ क मेला क्षेत्र में पांच गो अस्थाई डाकघर खोलल गइल हवे। येह पर परम्परागत सेवा के सथहीं एप के जरिये एक काल पर सरधालुअन के नगद पइसा उपलब्ध करावल जाई। येह दौरान साइबर खतरा से निपटे बदे खास इंतिजाम कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***महाकुंभ में साइबर पेट्रोलिंग के लिए 56 समर्पित साइबर विशेषज्ञ तैनात किए गए हैं। धोखाधड़ी वाली वेबसाइट, फर्जी सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म और फर्जी मोबाइल लिंक जैसे साइबर खतरों के चुनौतियों से निपटने के लिए महाकुंभ साइबर पुलिस स्टेशन की स्थापना की गई है। साइबर खतरों के बारे में जागरूकता बढ़ाने के लिए मेला क्षेत्र में 40 विभिन्न प्रकार के सूचना संदेश पर डिस्पले लगाए जा रहे हैं। वहीं एक समर्पित हेल्प लाइन नम्बर 1920 भी जारी किया गया है। अनुपम मिश्रा के साथ, आनंद कुमार आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।***

राष्ट्रीय गंगा स्वच्छता मिशन के तहत एक सौ बावन दसमनल तीनि सात करोड़ रूपिया क लागति से महाकुंभ नगर में स्वच्छता क बिसेस उपाय लागू कइल जा रहल हौ। ओहर रेलवे सुरक्षा बल के पूर्व–मध्य जोन क मुख्य सुरक्षा आयुक्त एस. लुई अमूथन काल्हि दीनदयाल उपाध्याय जंक्सन क निरीक्षण कइ के सुरक्षा अउर सुविधा क समीक्षा कइलें।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु मेरठ के आईआईएमटी विश्वविद्यालय के दीक्षांत समारोह में उत्कृष्ट परदरसन करे वाले विद्यार्थियन के पदक अउर उपाधि वितरित कइलें। उहां के बरिस दुइ हजार सैंतालीस तक के बिकसित भारत के संकलप के याद दियावत कहलीं कि नौयुवकन क नयी सोच अउर काम देस के नई पहचान दियायी।

**********